



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO PATI POU SAVANNAH, GEORGIA POU EDE VIL LA NAN BATAY KONT COVID-19 LA

*Gouvènè a pral òganize reyinyon tablewonn avèk delegasyon Eta York, majistra Savannah Van R. Johnson ak ekip swen sante Savannah sou meyè pratik pou batay kont pandemi an*

*Gouvènè Cuomo: "Mwen te deklare, lè mwen te parèt pi jèn ak pi an sante, lè nou depase somè nou an, nou pral la pou nenpòt moun ki bezwen èd ak kèlkeswa sa yo bezwen an, nou pral la. Mwen te di ke mwen pral kondwi pèsonèlman epi ba yo asistans. Epi ankò, se te yon pwomès pou akonpli ke mwen te fè n nanon Nouyòkè yo epi nou pral onore pwomès la".*

*Cuomo: "Gouvènman federal la toujou nye viris sa a. Li toujou refize swiv lasyans. Li toujou panse viris sa a ap yon veritab viris nan fè politik. Epi mwen te di prezidan an depi nan premye jou a, viris sa a pa reponn a politik. Li pa reponn ak entimidasyon. Li pa reponn a diskou. Li pa reponn a refi. Li se lasyans. Kisa nou te fè nan New York? Nou te fè li kòm yon syans. Nou te fè li baze sou chif yo. Nou te fè li sou done ke nou pral rankontre avèk Majistra Van Johnson ak ekip li a jodi a, mwen deja ap pale ak majistra a. Epi nou pral nan Savannah, Georgia - nou pral rakonte yo sou sa nou te fè epi nou pral ede yo ak pwogram tès yo, pwogram trasaj yo. Nou pral pote dè milye PPE ak kèlkeswa sa yo bezwen nan men nou ke yo pral jwenn".*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo ak manb komite travay COVID-19 nan Eta New York te pati pou Savannah, Georgia pou ede vil la nan batay kont COVID-19 paske li gen yon ogmantasyon nan ka pozitif ak nan ospitalizasyon. Nan Savannah, Gouvènè a pral òganize yon reyinyon tablewonn avèk delegasyon Eta New York la, Majistra Savannah Van R. Johnson ak ekip swen sante Savannah pou diskite meyè pratik pou konbat pandemi an, tankou kijan pou etabli operasyon tès ak operasyon pou trasaj kontak yo. Cuomo pral retounen nan Albany aswè a.

Manm Delegasyon New York la gen ladan:

- Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a
- Robert Mujica, Direktè Bidjè Eta a
- Prezidan SUNY Empire State College, Jim Malatras

- Gareth Rhodes, Sipèntandan Adjwen & Avoka Espesyal nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) NYS, Manm nan Gwoup Travay COVID-19 la.
- Larry Schwartz, Ansyen Sekretè Gouvènè a, Manm nan Gwoup Travay COVID-19 la.
- Lisa Pino, Komisè Egzekitif Adjwen nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) NYS
- Edgar Santana, Direktè Afè Rejyonal Sid la

"Lè nou te nan pi move moman nou yo ak viris sa a nan New York, nou gen volontè ki te soti nan tout peyi a ki vin ede batay kont maladi tèrib sa a, e kounye a nou depase somè nou an, nou pare pou ede nenpòt ki vil oswa eta ak kèlkeswa sa yo bezwen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gouvènman federal nou an toujou nye viris sa a epi senk mwa pita peyi sa a toujou totalman pa prepare pou fè fas ak sa a - mwen deja pale ak lòt eta yo ak majistra ak gouvènè yo epi yo toujou pa gen pwogram tès, trasaj kontak oswa PPE. Nou pral rankontre ak Majistra Van Johnson ak ekip li a jodi a nan Savannah, Georgia, nou pral pale ak yo sou sa nou te fè, nou pral ede yo ak pwogram tès ak trasaj kontak, Nou pral pote dè milye PPE ak kèlkeswa sa yo bezwen nan men nou ke yo pral jwenn."

Eta New York angaje li pou ede lòt vil ak eta yo konbat COVID-19 nan peyi a. Jedi pase, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York te etabli de sit tès nan legliz nan zòn sansib ak COVID-19 yo nan [Houston, Texas](#). Nan dat 13 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York pral voye ekip tès ak trasaj kontak nan [Atlanta, Georgia](#). Nan dat 10 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York ap voye medikaman Remdesivir pou COVID-19 bay [Florida](#) piske eta a gen difikilite avèk reyaparisyon ka yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)